tema qoyıw, abzats, gápler toparı ulıwma tema, kishi tema, temanıń birinshi hám sońǵı gápi, tiykarǵı mánis (mazmunı) izbe-iz baylanısıwı, parallel baylanısıwın, tekstte dialoglardıń beriliwi tema tańlaw sıyaqlı túsiniklerin ózbe-tinshe tekst dúziw isinde usı izbe-izlikti basshılıqqa alıwı kerek.

Baslawısh klasslarda tekst dúziwde oqıwshılardıń qıynalatuǵın tárepi bul tekstte sózlerdiń hám gáplerdiń izbe-izligin durıs bere almawı, bir sózdi bir neshe orında, bir tekst mısalında paydalana beriw, tek ǵana kúndelikli awızeki sóylew tilinde ǵana ózleri awızeki sóylew tilinde ǵana ózleri pikir alısıw ortalıǵında, úyde, máhállede, mektepte eki klassta ǵana sóylew barısında paydalana alatuǵın gáplerinen ǵana, tanıs, onsha quramalı bolmaǵan gáplerden tekst dúze alıw múmkinshiligi kórinedi. Mısalı, baslawısh klassta, ásirese, 3-4-klasslarda oqıwshı quramalı túrdegi tekstlerdi dúze alıw qolınan keledi. Mısalı, 3 yama-sa 4-klass oqıwshıları ana tili sabaǵında teksttegi gáplerdiń mazmunı boyınsha ózara baylanısın kórsetilgen tema sheńberinde orınlay aladı. Geypara waqıtlarda baslawısh klass oqıwshılarına tekst dúziw tapsırmasın orınlaw tapsırılǵanda bir qatar tómendegi tártiptegi kemshilikler de anıqlanıwı múmkin, yaǵnıy birinshiden, oqıwshılar tekstti belgili bólimlerde, ásirese, abzatslarǵa durıs ajırata almawı múmkin; ekinshiden, ayırım waqıtlarda tekst dúziw tapsır-masında kishigirim temalar dógereginde islep, temalardıń shegarasın názerde tuta alıw yaki almawı, rejeni durıs dúze almawı; úshinshiden, tekstte eń birinshi hám sońǵı gáplerdiń baylanısın durıs, orınlı qáliplestire almaw jaǵdayı; tórtinshiden, tekst quramındaǵı gáplerde feyildiń grammatikalıq formaların durıs paydalana alıwı, bolımlı, bolımsız feyil, máhál, meyillerdi, feyillerdegi túr (tamamlanǵan hám tamamlanbaǵan), awıspalı-awıspasız feyiller, sonıń menen birge, feyillerdiń leksika-semantikalıq ózgesheligi boyınsha túrlerin mazmunǵa say tárizde qollana almaw halatı; besinshiden, tekstte waqıt penen mákan uǵımın baylanıstıra almawı, logikalıq qátelerge, stillik na-durıslıqlarǵa jol qoyıwı, ádebiy til normaların óz orınlı-ornında qollana almawı; altınshıdan, sózdi sózge, gápti gápke baylanıstıra alatuǵın kómekshi sózler, tirkewishlik xızmettegi sózlerdi durıs óz orınlı ornında qoya almawı; jetinshiden, tekst quramında ápiwayı, kishigirim dialoglardı kirite almawı; segizinshiden, tekstke durıs tema qoya almawı, yamasa temanı mazmunǵa say tárizde tańlay almawı; toǵızınshıdan, tema mazmunına qatnaslı bolmaǵan, ayırım zárúr bolmaǵan sóz yaki gáplerdi kirite almawı sıyaqlı jaǵdaylardıń ushırasıwı; onınshıdan, tekstte shıraylı jazıw (kalligrafiya, grafikalıq formalarǵa) ámel qılmawı sıyaqlı jaǵdaylar da ushırasıp, usı kemshiliklerdi saplastırıw ústinde jumıs alıp barǵan durıs boladı.

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh klasslarda ana tili sabaqların oqıtıwda tekst ústinde jumıs islewde túrli mazmundaǵı kórgizbeli qurallar, reńli bezewlerge iye diy-walı gazetalar,kishigirim tekstten ibarat tarqatpa materiallar hám texnikalıq qurallardan orınlı paydalanıw-bul sabaqtıń hár tárepleme nátiyjeliligin támiyinleydi.

## Ádebiyatlar


1. Davlat talim standarti. –T.: «Sharq». 1989. 5-b.

2. Azimova I.A. O‘zbek tilidagi gazeta matnlari mazmuniy pertseptsiyasining psixolingvistik tadqiqi. Filol.fan.nomz.diss avtoref. – T.: 2008. 14-b.

3. Bekniyazova N. Boshlang‘ich sinflar ona tili darslarida o‘quvchilarni matn yaratishga o‘rgatish metodikasi. –T.: «Fan va texnologiya», 2012, 75-b.



**REZYUME.** Maqolada boshlang‘ich sinflarda ona tili darslarini o‘qitish jarayonida ko‘rgazmali vositalarning ahamiyati so‘z etilgan. Matnlar bilan ishlashda texnik vositalarning o‘rni, hizmati ochib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье отмечается важность наглядных пособий в процессе обучения родному языку в начальных классах. Выявлена роль и функции технических средств в работе с текстами.

**SUMMARY.** The article notes the importance of visual aids in the process of teaching the native language in primary scool. The role and function of technical tools in working with texts has been revealed.


# BASLAWÍSH KLASS OQÍW SABAQLARÍNDA TEKST DÚZIWGE ÚYRETIW METODIKASÍ


**S.U.Arepbaeva** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** uzluksiz ta’lim, matn tuzish, metod, o‘qıtish, usul, o‘qitısh jarayoni, o‘qituvchı, o‘quvchı.

**Ключевые слова:** непрерывное образование, композиция текста, метод, обучение, метод, учебный процесс, учитель, уче-ник.

**Key words:** continuous education, text composition, method, training, teaching, educational process, teacher, learner.


«Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyasın» da «úzliksiz tálim sistemasın jáne de jetilistiriw jolın dawam ettiriw, sıpatlı tálim xızmetleri imkaniyatların asırıw, tálim bazarınıń zamanagóy ıqtıyajlarǵa muwapıq joqarı tájiriybeli kadrlar tayarlaw»dı [1] belgilep beredi.

Haqıyqattan da házirgi kúnde hár qanday mámlekettiń jáhán bazarında básekige shıdamlılıǵı tek ǵana tábiy resurslarınıń bar ekenligine emes, bálki, birinshi náwbette, zamanagóy úzliksiz jańalanıp turatuǵın texnologiyalardı jaratıw hám ózlestiriwge ılayıq bolǵan sapalı insan kapitalına baylanıslı bolıp atır. Sol sebepli tálim sapasın asırıw zárúrli esaplanadı.

Solay eken baslawısh tálim – bul hár bir balanıń tálim, bilim alıwınıń tiykarı bolǵan úzliksiz bilimlendiriw sistemasınınń áhmiyetli túrinen biri bolıp tabıladı. Yaǵnıy joqarı klaslardaǵı akademiyalıq bilimlerdi iyelew ushın bala baslawısh klaslardan baslap, ásirese 1-klass dáwirinde durıs jazıw hám durıs oqıw kompetenciyaları qáliplestiriw baslawısh klass muǵallimleriniń tiykarǵı wazıypası bolıp tabıladı. Solay eken, baslawısh klass oqıwshılarında "úyreniw qábileti" sıyaqlı zárúrli kompetenciyalardı qáliplestiriw kerek. Baslawısh klaslarda oqıwshılardıń jazıw, oqıw kompetenciyaların qáliplestiriwde sawat ashıw dáwiri ayırıqsha áhmiyetke iye. Bul jetekshi iskerliginiń ózgeriwi, jańa sociallıq poziciyanı iyelewi, balanıń sırtqı dúnya menen óz-ara tásiri menen baylanıslı.

Baslawısh tálim ushın tiykarǵı másele ulıwma bilim kónlikpelerin qáliplestiriw bolıp tabıladı. Onıń rawajlanǵanlıq dárejesi tiykarınan oqıwshını oqıtıw tabıslı bolıwın belgileydi. Ulıwma tálim kónlikpelerine baslawısh mektep oqıwshıları ushın ámeldegi bolǵan oqıw, kórkem, kópshilikke arnalǵan ilimiy tekstler menen islew kiredi. Baslawısh klaslardı pitkerip atırǵan oqıwshılar, jazıw hám oqıw kompetenciyalarına iyelewde tekst ayırıqsha orın tutadı. Tekstti oqıw hám tekstti durıs jazıw kompetenciyalarınıń qáliplesiwi oqıwshılardıń til nızmalılıqların qanshelli ózlestirgeni menen, hárip hám seslerdi durıs qollana biliw kompetenciyaları menen tikkeley baylanıslı.

Sebebi mektep ámeliyatında geypara baslawısh klass oqıwshılarınıń durıs jazıp biliwi hám durıs oqıp biliwi menen baylanıslı kompetenciyalardıń jeterli dárejede qáliplespegenligi sır emes. Bunda muǵallimlerdiń oqıwshılardı tekst ústinde islew kónlikpelerin qáliplestiriwge baylanıslı metodikalar menen tereńnen qurallanbaǵanlıǵı menen de baylanıslı.

Demek, baslawısh klass, ásirese 1-klass oqıwshıla-rınıń durıs jazıw hám durıs oqıw kónlikpelerin

qáliplestiriw kerek hám olar tómendegiler:

**birinshiden**, baslawısh klass oqıwshılarında durıs jazıw hám durıs oqıw kónlikpelerin qáliplestiriwde baslawısh klass oqıtıwshılarınıń metodikalıq kompetentligi ayırıqsha orın tutadı. Solay eken, bolajaq baslawısh klass oqıtıwshısı-qánige sıpatında olarǵa tekst  ústinde islew metodikasınıń sırları menen tereńirek tanıstırıp barıw talap etiledi. Joqarı oqıw orınlarında Baslawısh tálim bakalavriat tálim baǵdarı studentleriniń tekst penen islesiw metodikası boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların qáliplestiriw ana tilin oqıtıw metodikası pánin tereńnen úyreniw menen baylanıslı;

**ekinshiden**, baslawısh klass oqıwshılarınıń ápiwayı monologiyalıq tekstlerdiń (gúrriń) formalarının paydalanıwda qıynalıwı,

**úshinshiden**, mekteplerde baslawısh klass muǵallimleriniń tekst dúziwde til birliklerin, til quralların tańlawda áhmiyetli sanalǵan tekstlerdiń tipologiyası durıs qollanıw, teksttiń túrlerin, izbe-izlik penen  sóylew menen baylanıslı bolǵan oqıtıw metodologiyasın durıs tańlawda qáte-kemshiliklerge jol qoyıw h.t.b.

Insannıń mádeniyatı, oylawı, aqıl-ziyrekligi dárejesin kórsetetuǵın zárúrli kórsetkishlerden biri sóylew bolıp tabıladı. **Sóylewdi rawajlandırıw** – bul til úyreniwdiń tiykarǵı wazıypası bolıp tabıladı. Baslawısh mektepte rus tili sabaqlarında alıp barılatuǵın barlıq jumıslar mektep oqıwshıların izbe-iz sóylewge tayarlawǵa qaratılǵan bolıwı kerek. Sol mwnásebet penen, kishi jastaǵı oqıwshılardıń háreketlerin shólkemlestiriw kerek, bunda olar tek ǵana bir gáp quraw qábiletine iye bolmay, bálki gáplerdi tekstke birlestiriw logikasın, olardıń óz-ara baylanıslılıǵın ornatıwdı úyrenedi. Bul maqsetke erisiw bir qatar izbe-iz mashqalalardi keltirip shıǵaradı. Sonlıqtan oqıwshılar neni **úyreniwi kerek**:

1) tekst hám onıń strukturalıq bólimlerin sóylew birlikleri retinde ajırata alıw;
2) teksttiń ulıwma temasın anıqlaw;
3) joba dúziw;
4) abzaclardı ajırata alıw;
5) hár qıylı baylanıs túrlerinen paydalanǵan halda tekst mánisin biriktiriw;
6) bayan maqsetine muwapıq tekst túrin tańlaw;
7) tekstlerinde ańlatpalı quralları paydalanıw;
8) til birliklerin tańlawdı tiykarlaw.

Oqıwshılar kóplegen leksikalıq hám grammatikalıq baylanıs quralları menen 2-3-klaslarda tanısadı. Biraq, bul tanısıw kóbinese atlıq, almasıq, feyildiń tek grammatikalıq funkciyaların kórip shıǵıw menen sheklenedi. Bul gáp aǵzaların kórip shıǵıwda olardıń izbe-iz tekst dúzilisindegi róli túsintirilmeydi. Biraq tildiń barlıq elementlerin, barlıq birliklerin málim bir uyqas sistemaǵa birlestirip turıwshı struktura, tiykar bul tekst bolıp tabıladı. Sol tekstte barlıq tilge tiyisli birlikler tábiyiy sharayatta, tábiyiy ortalıqta usınıs etiledi, bunnan tısqarı, tekstte tilge tiyisli birlikler jańa reń, jańa tekst payda etiwshi funkciyalarǵa iye boladı. Bul funkciyalardı bilmew olardı ózbetinshe sóylew iskerliginde qollana almawǵa alıp keledi. Aqıbette oqıwshılar izbe-iz gáp qurawda kóplegen qátelerge jol qoyadı, bul bolsa tákirarlawdı, sinonim almasıqlardı nadurıs qollaw, feyil máhálleri birligine ámel etpew menen baylanıslı. Bul máseleni sheshiw kóbinese izbe-iz tekst teoriyasın úyreniwge baylanıslı.

Baslawısh klass oqıwshılarınıń izbe-iz jazba sóylewin rawajlandırıw boyınsha jumıs natiyjeliligin asırıw, oqıtıwdıń lingvistikalıq tiykarların bekkemlew, oqıwshılardı tekst boyınsha teoriyalıq qaǵıydalar menen tanıstırıwda ámelge asadı, bul bolsa sóylew kónlikpelerin iyelewge qaratılǵan bolıwı kerek. Bul qatnas sóylew qábiletleri, olardı sınap kóriw hám qáte menen emes, bálki uyqas jazıwlar sistemasına tayanǵan halda sanalı túrde qáliplestiriw imkaniyatın beredi.

Baslawısh mektep ushın "minimal teoriya - maksimal ámeliyat" principi nátiyjeli esaplanadı. Ámeliyattıń tiykarǵı baǵdarı oqıtıwdıń maqset hám wazıypaların sáwlelendiredi. Ámeliy jumıs penen teoriyalıq bilimlerge tiykarlanadı, usınıń menen birge, ol teoriyanı ózlestiriwge úles qosatuǵın shınıǵıwlardan ibarat bolıwı kerek.

Joqarıda aytılǵanlarǵa tıykarlanıp, tekst jazıw kónlikpesin iyelew ushın oqıwshılar iyelewleri kerek bolǵan teoriyalıq bilimlerdi anıqlaw múmkin. Bular “tekst”, “tema” sıyaqlı túsinikler, gáplerdi bóliw usılları (shınjır hám parallel baylanısıwlar), paragraf haqqında, tekst túrleri haqqındaǵı bilimler bolıp tabıladı. Tekst boyınsha barlıq teoriyalıq qaǵıydalar baslawısh klass oqıwshılarınıń psixologiyalıq qásiyetlerin esapqa alǵan halda maslastırılıwı kerek.

Oqıwshılarda izbe-iz sóylewdi durıs qáliplestiriw kónlikpelerin rawajlandırıw ushın zárwrli bolǵan teoriyalıq qaǵıydalar tiykarında baslawısh klasta izbe-iz tekst ústinde islewdiń **tiykarǵı principlerin qáliplestiriw múmkin:**

1. Jumıstıń anıq basqıshların belgilew - ápiwayı baqlawdan óz bayanatların jaratıw hám olardı tıyanaqlı jaza alıuǵa shekem. Bul princip sonnan ibarat, oqıwshılar tárepinen bilimlerdi tabıslı ózlestiriw, eger bul bilimler olardıń pikirlew dárejesi, toplaǵan ilmiy tájriybeleri kólemi, pikirlew usılları ushın ámelde bolsa ǵana mwmkin boladı. Sol sebepli usınıs etilgen materialdı basqıshpa-basqısh quramalastırıu kerek. Bul teoriyaǵa da, ol kórip shıǵatuǵın mısallarǵa da tiyisli. Atap aytqanda, arnawlı bir temanı ózlestiriwdiń dáslepki basqıshında ápiwayı mısallar keltiriledi, keyingi mısallar quramalasadı, gápler sanı artadı.

2. Teksttiń izbe-izligi haqqındaǵı qaǵıydalardı ámeliy tárepten ózlestiriw.

3. Kishi jastaǵı oqıwshılardıń intellektual qábiletlerine sáykes keletuǵın materialdı tańlaw. Bul jerde biz teoriyalıq maǵlıumatlardı da, analiz qılıw ushın mısallardı da tańlawdı názerde tutadı.

4. Sóylew ortalıǵın támiyinlew, yaǵnıy sózden paydalanıwdıń klassik qáliplerin maqsetli kórsetiw. Úlgili kórkem ádebiyatqa baylanıslı jazıwshılardıң kórkem sheberligin tanıstırıwǵa járdem beredi; izbe-iz teksttiń joqarı dárejede dwziliwin hám onı qurıw qaǵıydaların kórsetiw. Studentler wlgiler tiykarında tekst túwrlerin, olardı dwziwdiń ekspressiv usılların hám basqalardı úyrenedi. Metodistlerdiń atap ótiwinshe, úlgili tekst balalarǵa lingvistikalıq tásir etiwdiń ulıwma keń kólemde tiykarǵı komponent rolin atqaradı - sóylew ortalıǵı olardıń rawajlanıp atırǵan til qábiletine tásir kórsetedi.

5. Avtor tiliniń kórkem wazıypasında analizi. Kórkem tekstti analiz qılıw tájiriybesine iye bolǵan oqıwshılar óz tekstlerin jaratıwda til qurallarınan paydalana baslaydı.

6. Tekst sintaksisiniń ańlatpalı quralları ústinde jumıs alıp barıw: olardı avtor tekstinde analiz etiwden óz sóylew tilinde paydalanıw.

7. Tekst sintaksisiniń óz-ara baylanıslılıǵın onıń tilge tiyisli dúzilisi hám ideologiyalıq-tematikalıq mazmunı retinde analiz qılıw.

8. Tekst ústinde islew ushın haqıyqıy tiykar retinde pánlerara baylanıslardı anıqlaw (rus tili hám oqıw sabaqları). Baslawısh mektepte oqıtıwdıń eń zárwrli wazıypalarınan biri oqıwshılarda dúnyanıń birden-bir suwretin qáliplestiriw, hádiyselerdiń óz ara baylanıslılıǵın twsindiriw bolıp tabıladı. Rus tili hám oqıw sabaqları ortasındaǵı baylanıslardan paydalanıw studentler tárepinen tekst dúzilisiniń ayrıqsha ózge-

shelklerin, onıń lingvistikalıq formasın tereńrek ózlestiriwge, sonıń menen birge, avtordıń pozitsiyasini anıqlaw ushın zárúr bolǵan shıǵarma analizin jetilistiriwge járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda usınılıp atırǵan oqıw sisteması baslawısh mektepte oqıwshılar tekst, onıń kriteryaları hám shólkemlestiriw usılları haqqında pútin sistemalı túsinikke iye bolǵanda, tekst teoriyasın oqıtıwǵa kompleks jantasıwdı ámelge asırıwǵa múmkinshilik beredi.

### Ádebiyatlar


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022 yil 28-yanvardagi “2022-2026 yillarga mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning taraqqiyot strategiyasi to‘ǵrisida”gi PF-60 son Farmoni. https://lex.uz/docs/5841063.
2. Вестиянова Л.Л. Комплексные задания по работе с текстом в период обучения грамоте в 1 классе УМК Школа Росии”, - C.Mamontovo, 2017. https://uchitelya.com/russkiy-yazyk/102991-kompleksnye-zadaniya-po-rabote-s-tekstom.html.
3. Высоцкая Е.С. Формирование пониятия “текст” на уроках русского языка и начальных классах. Выпуск. квалифик. работа. – Лесосибирск: 2017.
4. Ногаева С.Е. Принципи работы над текстом в начальной школе. Северо-Осетинский государственный педагогический институт, Владикавказ, Россия. http://rusnauka.com/ONG/Philologia/1_nogaeva%20s.e..doc.htm



**REZYUME.** Maqolada boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining bosqichma-bosqich yozma nutqini rivojlantirish bo‘yicha samaradorligini oshirish haqida so‘z yuritilgan. Boshlang‘ich sinf, ayniqsa, 1-sinf o‘quvchilarining to‘g‘ri yozuv va to‘g‘ri o‘qish ko‘nikmalarini shakllantirish haqida bayon kilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье речь идет о повышении работоспособности учащихся начальных классов в развитии последовательной письменной речи. Автор представляет информацию о формировании навыков правильного письма и правильного чтения у первоклассников, особенно у первоклассников.

**SUMMARY.** The article deals with increasing the efficiency of primary school students in the development of consistent written speech. It is said about the formation of the skills of correct writing and correct reading in first graders, especially in first graders.


**УДК 378.147**

## WEB-ДИЗАЙН ВА WEB - ДАСТУРЛАШ ФАНЛАРИДАН ЛАБОРАТОРИЯ ВА МУСТАҚИЛ ТАЪЛИМНИ ТАШКИЛ ҚИЛИШНИНГ ЗАМОНАВИЙ УСУЛ ВА ВОСИТАЛАРИ


**Х.Атаджанов** – *катта ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар**: мустақил иш, Web-дастурлаш, онлайн технологиялар, Wеб 2.0.

**Ключевые слова**: самостоятельная работа, Web-программирование, онлайн системы, Web2.0.

**Key words**: self-study, Web programming, online systems, Web2.0.


**Кириш.** Олий таълим тизимини ривожлантириш Концепциясида, ахборотни мустақил излаш ва таҳлил қилиш кўникмаларини шакллантириш, таълим жараёнига рақамли технологиялар ва усулларни жорий этиш, талабаларда мустақил таълим олиш каби ечимини кутаётган масалаларни босқичма-босқич бартараф этиш зарур вазифалар белгилаб ўтилган [1].

Тизимда мустақил таълимни ахборот технологияларидан фойдаланган ҳолда бажариш технологиялари ҳам турли шакллари мавжуд. Шулардан бири- сўнгги йилларда ривожланган Web2.0 технологияси фойдаланувчилар Интернет ахборот маконини биргаликда яратиш, таҳрирлаш ва такомиллаштириш технологияси ҳисобланади. Web2.0 технологияси таълим соҳаси амалиёти учун ҳам имкониятларни очиб беради: очиқ электрон ресурслар; тармоқда ахборотни мустақил шакллантириш; ўзаро мулоқот майдони яратиш, онлайн интерактив тизимларини фойдаланиш мумкин. Интернет пайдо бўлганда Web1.0 технологиясида ишлаб келинди. Бугунда Web2.0 ва Web3.0 технологиялари фойдаланилмоқда [2].

Электрон таълим ўқитиш жараёнини юқори сифатли ахборот ва ўқув-услубий таъминот билан таъминлашга имкон берадиган электрон ва масофавий ўқитиш технологияларидан фойдаланган ҳолда таълим ресурсларини жамлаш, тизимлаштириш, сақлаш ва ундан фойдаланишга мўлжалланган ахборот, телекоммуникация технологиялари ва воситалар мажмуасидир. Бир неча йиллар олдин таълим жараёнида электрон таълим муҳити сифатида электрон дарслик, электрон ўқув материаллари, электрон нашрлар, электрон мажмуалар, мультимедиа воситаларидан фойдаланишга эътибор қаратилган бўлса, бугунга келиб, онлайн таълим тизимларидан фойдаланиш кенг йўлга қўйилди.

**Тадқиқотда қўлланилган усуллар.** Олий таълим тизимида ўқув жараёнида учта - назария, амалиёт ва мустақил таълимга қисмларга бўлиниши мустақил таълим жараёни асосий талабаларнинг билим кўникмаларини ҳосил қилиш жараёни ҳисобланади. Мустақил таълим учун топшириқларни қизиқарли ва самарали бўлиши учун онлайн ва Web2.0 технологиясидан фойдаланишда якка тартибда бажариш, кейс усулда кичик гуруҳ билан бажариш, лойиҳа усулда гуруҳ билан бажариш шаклида бериш мумкин. Масалан, якка тартибда бажарадиган масалаларга, табиий фанлардан кимёвий элементларнинг реакцияси натижасида ҳосил бўладиган жараённи онлайн бажарадиган chemequations.com кўрсатсак бўлади. Ушбу тизимдан кимёвий элементлар реакция натижасини ҳосил бўлишини кўриш мумкин.(1-расм)




Хорижий тил мутахассислари мустақил таълим топшириқларида синоним сўзларни топиш учун sinonim.org, isynonym.com ва dictionary.cambridge.org онлайн тизимларидан фойдаланиб, синонимларни топиш ва электрон базадаги сўзлар билан таққослаш вазифасини бериши мумкин. Бу каби вазифалар, ўзбек ва қорақалпоқ тилидаги синонимлар ва антононимлар бўйича онлайн-интерактив тизимлар яратиш мутахассислар ва дастурчиларга стартап вазифасини бажаради. Шу каби вазифаларни ахборот технологияси, Web-дастурлаш асослари фанларидан фойдаланиш ва шунга ўхшаш тизимларни ишлаб чиқиш.

**Натижалар.** Web 2.0 технологияси таълим соҳаси амалиёти учун ҳам имкониятларни очиб беради: очиқ электрон ресурслар; тармоқда ахборотни мустақил шакллантириш; ўзаро мулоқот майдони яратиш, онлайн интерактив тизимларини фойдаланиш мумкин. Педагогик жиҳатдан Web 2.0 технологияда илмий-ўқув материалларини ҳамда ижодий ишларни тайёрлаш, таълим порталларига жойлаштириш орқали амалга оширилади. Талабаларга мустақил таълим учун топшириқларни қизиқарли ва мазмунли бўлиши учун Web2.0 технологиясидан фойдаланиш, онлайн